**दिन– रविवार** **दिनांक–06.07.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभा चुनाव सँ पहिने मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण के लऽकऽ भऽ रहल सियासी घमासानक मध्य चुनाव आयोग मतदाता लोकनि के राहत देलक अछि। मतदाता आब बिना कोनो दस्तावेजक सेहो गणना पत्र भरि कऽ जमा कऽ सकैत छथि। मुख्य निर्वाचक अधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल कहलनि जे जाहि भोटर लऽग दस्तावेज नहि छनि ओ एखन बिना दस्तावेजक गणना फॉर्म भरि कऽ बीएलओ लऽग जमा कऽ सकैत छथि। हलांकि निर्वाचन आयोग दस्तावेज धारक मतदाता के एगारह दस्तावेज मे से कोनो एक बीएलओ लऽग जमा करबाक लेल कहलक अछि। आयोग कहलक अछि जे जिनक नाम वर्ष दू हजार तीनक विशेष गहन पुनरीक्षणक बाद जारी मतदाता सूची मे छनि, हुनका कोनो दस्तावेज जमा नहि करबाक अछि। मतदाता छब्बीस जुलाई धरि ऑनलाईन अथवा ऑफलाईन कोनो माध्यम सँ गणना फॉर्म भरि कऽ जमा कऽ सकैत छथि।

---

प्रसिद्ध व्यवसायी गोपाल खेमकाक हत्याक मामिला मे पुलिस पटनाक बेउर केन्द्रीय कारा मे छापामारी कयलक अछि। केतेको घंटा चलल छापामारी मे पुलिस जेल मे बंद एक सय सँ बेसी कैदी सँ पुछताछ कयलक। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार जनौलनि जे एहि हत्याकांडक जांच लेल गठित एसआईटी पटना आ लऽगपासक दस जगह पर छापामारी कयलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार गोपाल खेमकाक हत्याक मामिला मे सम्मिलित अपराधी के तत्काल चिन्हित कऽ कड़गर कार्रवाई करबाक निर्देश देलनि अछि। एम्हर, गोपाल खेमकाक अंतिम संस्कार आइ पटनाक गुलबी घाट पर कयल गेल, जाहि मे उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा समेत कतेको लोग सम्मिलित भेलाह।

---

मधुबनी जिलाक झंझारपुर स्थित मिथिला हाटक विस्तार लेल आब चौबीस दशमलव आठ एकड भूमिक बदला अड़तीस दशमलव पांच एकड भूमिक अधिग्रहण होयत। उपमुख्यमंत्री

सम्राट चौधरी कहलनि जे एहि लेल तेईस करोड़ बाईस लाख टाकाक राशि स्वीकृत भेल अछि।

————————————————————

दोसर दिस उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे दरभंगा जिलाक पथ प्रमंडल अंतर्गत ननौरा सँ मोहम्मदपुर धरि सड़कक चौड़ीकरण आ सुदृढ़ीकरण लेल पच्चीस करोड़ पचपन लाख सँ बेसी टाकाक प्रशासनिक स्वीकृति दऽ देल गेल अछि।

————————————————————

केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री रामनाथ ठाकुर जनौलनि अछि जे रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव काल्हि भारतरत्न जननायक कर्पूरी ठाकुरक गाम स्थित कर्पूरी ग्राम रेलवे स्टेशन पर यात्री सुविधाक निरीक्षण करताह आ गोखुल कर्पूरी फुलेश्वरी महाविद्यालय मे स्थापित जननायकक प्रतिमा पर माल्यार्पण सेहो करताह।

————————————————————

मुहर्रमक आइ दसम तारीख अछि। हजरत इमाम हुसैन आ हुनक बहत्तरि संगीक शहादतक स्मरण मे यौम–ए–आशूरा मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर राजधानी पटना समेत प्रदेशक विभिन्न भाग मे तजिया आ मातमी जुलूसक आयोजन कयल गेल। मुहर्रम के लऽकऽ प्रदेश मे शांति व्यवस्था बनौने रखबाक लेल सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। पुलिस प्रशासन सभ थानाक जुलूस मार्ग पर सुरक्षा बढ़ेबाक निर्देश देलक अछि। अपर पुलिस महानिदेशक पंकज दराद जनौलनि जे पटना, जहानाबाद, भागलपुर, बांका, पुर्णियां, सीवान, कटिहार, मुजफ्फरपुर, दरभंगा आ अररिया समेत अठारह जिला के संवेदनशील श्रेणी मे राखल गेल अछि। श्री दराद लोक सभ सँ शांति आ सौहार्दक संग पर्व मनेबाक अपील कयलनि।

————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन संदेश मे कहलनि जे हजरत इमाम हुसैनक बलिदान धर्मक प्रति हुनक प्रतिबद्धताक स्मरण करबैत अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि जे हजरत इमाम हुसैनक शहादत लोक सभ के विपरीत परिस्थिति मे सेहो सत्यक मार्ग अपनेबाक लेल प्रेरित करैत अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां अपन संदेश मे कहलनि जे मुहर्रम हमरा लोकनि के सत्य आ न्यायक मार्ग पर चलैत जीवनक उच्च आदर्श आ मूल्यक

रक्षा करबाक प्रेरणा दैत अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार हजरत इमाम हुसैन आ करबलाक आनो शहीदक कुर्बानी पर नमन करैत हुनक आदर्श के अपनेबाक अपील कयलनि अछि।

————————————————————————

राज्य मे पछिला चौबीस घंटा मे उत्तर–मध्य आ उत्तर–पूर्वी भागक किछु स्थान पर आंशिक अथवा मध्यम स्तरक बरखा दर्ज कयल गेल अछि। ओतहि, प्रदेशक शेष भाग मे मौसम शुष्क बनल रहल। मौसम विभाग सात जुलाई के प्रदेशक दक्षिण आ उत्तर–पूर्वी भागक किछु स्थान पर तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलबाक आ ठनका के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त